**दिन–शनिवार** **दिनांक–11.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र–मुंगेर, बेगूसराय, समस्तीपुर, उजियारपुर आओर दरभंगा मे प्रचार–प्रसार आइ सांझ पाँच बजे समाप्त भऽ गेल। ई सभ क्षेत्र मे तेरह मई कऽ भोट खसाओल जायत। विभिन्न राजनीति दलक नेता आओर स्टार प्रचारक सभ अपन–अपन प्रत्याशी के जीतेबाक लेल जीतोड़ मेहनत कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर असमक मुख्यमंत्री हिमंत बिस्व सरमा आइ बेगूसरायक बखरी मे पार्टीक उम्मीदवार गिरिराज सिंहक समर्थन मे चुनावी रैली के सम्बोधित कयलनि। श्री सरमा जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे देश हरेक क्षेत्र मे आगू बढि रहल अछि। ओ जनौलनि जे भारतक सीमा सुरक्षित भेल अछि आओर शीघ्रहि पाक अधिकृत कश्मीर सेहो भारतक हिस्सा होयत। बेगूसराय लोकसभा क्षेत्र मे भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, जदयू अध्यक्ष आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सीतामढ़ी मे पार्टी उम्मीदवार देवेश चन्द्र ठाकुरक समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओ जनौलनि जे हुनक कार्यकाल मे बिहारक चहुमुँखी विकास भेल अछि। ओ परिवारवाद के राजनीति लेल खतरा जनबैत जनौलनि जे हुनक लेल पूरा बिहार हुनक परिवार अछि। जदयू अध्यक्ष हाजीपुर मे एनडीए उम्मीदवार चिराग पासवानक पक्ष मे सेहो चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ दरभंगा मे पार्टी उम्मीदवार ललित यादवक समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव जनौलनि जे इंडी गठबधंनक सरकार बनलाक बाद महंगी आओर बेरोजगारी दूर करय पर बेसी ध्यान देल जायत। सभा के विकासशील इंसान पार्टी प्रमुख मुकेश सहनी सेहो सम्बोधित कयलनि। एम्हर, कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे समस्तीपुर मे पार्टी प्रत्याशी सन्नी हजारी आओर मुजफ्फरपुर मे अजय निषादक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। वामपंथी दलक नेता सभ इंडी गठबंधनक उम्मीदवार लोकनि लेल प्रचार–प्रसार मे जुटल छथि। निर्दलीय उम्मीदवार सभ सेहो अपन–अपन क्षेत्र मे जन संपर्क अभियान चला रहल छथि।

---

कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे जनौलनि अछि जे एहि बेर लोकसभा चुनाव परिणाम चौंकाबयबला होयत। ओ जनौलनि जे नरेन्द्र मोदी के फेर सँ सरकार बनायब मे कठिनाई होयत। श्री खड़गे आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे महंगी आओर बेरोजगारी सहित कतेको मुद्दा के लऽकऽ सत्ताधारी दल सँ लोकसभ मे आक्रोश अछि।

———————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पटना में रोड–शो करताह। श्री मोदी पटना साहिब सँ पार्टी उम्मीदवार रविशंकर प्रसाद आओर पाटलिपुत्र सँ पार्टी उम्मीदवार रामकृपाल यादवक पक्ष मे भोट देबाक लेल जनौताह। भाजपा नेता नितिन नवीन जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक रोड–शो सांझ पाँच बाजि कऽ तीस मिनट पर डाकबंगला चौराह सँ शुरू होयत जे भट्टाचार्य मोड़, कदमकुआँ होयत गाँधी मैदानक उद्योग भवन धरि जायत। अगिला दिन तेरह तारीख कऽ भोर मे श्री मोदी पटना साहिबक तख्त श्री हरिमंदिर साहिब मे मत्था सेहो टेकताह। प्रधानमंत्री रवि दिन राजभवन मे रात्रि विश्रामक बाद अगिला दिन तीन जनसभा के सेहो सम्बोधित करताह। ओ हाजीपुर, सारण आओर मुजफ्फरपुर मे एनडीएक प्रत्याशीक समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित करताह। एम्हर, प्रधानमंत्रीक रोड–शो के लऽकऽ राजधानी पटना मे सुरक्षाक कड़गर कऽ देल गेल अछि। शहरक मुख्य मार्ग पर पैघ संख्या मे पुलिस बलक तैनाती कयल गेल अछि। रोड–शो के देखैत काल्हि पटना मे कतेको मार्ग पर आवाजाही मे सेहो बदलि कयल गेल अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आओर प्रदेश प्रवक्ता विनोद शर्मा पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तिफा दऽ देलनि अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे के लिखल चिट्ठी में श्री शर्मा जनौलनि जे कांग्रेस राजदक सोझा ठेहुनिया दऽ टेक देलक अछि। संगहि, ओ कन्हैया कुमार के उत्तर–पूर्वी दिल्ली सँ उम्मीदवार बनाओल गेला पर सेहो प्रश्न उठौलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र गया, जहानाबाद, नवादा, शेखपुरा, अरवल, भोजपुर, रोहतास आओर जमुई जिला मे किछु ठाम आइ तेज अन्हर–विहारिक संग हल्लूक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। नवादा मे कतेको ठाम ओलावृष्टि सेहो भेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पश्चिम आ दक्षिणी क्षेत्र मे किछु ठाम हल्लुक बारिश भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक जोगबनी सीमा पर एसएसबीक जवान एकटा वाहन सँ अट्ठाईस किलो गांजाक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक खजौली–कलुआही मुख्य मार्ग पर एक तेज गति सँ जा रहल गिट्टी लादल हाईवा ट्रक भोर मे टहलय जा रहल पति–पत्नी के ठोकर मारि देलक। एहि मे महिलाक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि पति गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

समाप्त भेल।